

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan méré gambaran, ngeunaan kamampuh maca pamahaman eksposisi jeung nulis karangan eksposisi, sarta korélasina antara kamampuh maca pamahaman eksposisi jeung kamampuh nulis karangan eksposisi siswa kelas VII SMPN I Malangbong Garut.

Dumasar kana panalungtikan, tina 40 siswa kelas VII SMPN I Malangbong anu ditalungtik, nuduhkeun aya 26 (65 %) siswa anu geus mampuh maca pamahaman eksposisi, sésana 14 siswa (35 %) anu dianggap can mampuh. Kitu deui dina kamampuh nulis karangan eksposisi kelas VII SMPN I Malangbong can mampuh, ku sabab tina 40 siswa anu ditalungtik, ngan aya 19 siswa (47.5 %) anu dianggap geus mampuh nulis karangan eksposisi, sésana 21 siswa (52.5 %) kaasup can mampuh.

Nurutkeun wates lulus PAP 75 %, aya 22 siswa anu peunteun kamampuh maca pamahamanna aya dina tahap leuwih luhur tina wates lulus, 4 siswa aya dina wates lulus, jeung 14 siswa aya dina wates leuwih handap tina wates lulus. Dina kamampuh nulis karangan eksposisi aya 17 siswa anu peunteunna aya dina tahap leuwih luhur tina wates lulus, 2 siswa aya dina tahap lulus jeung 21 siswa aya dina tahap leuwih handap tina wates lulus.

Ditilik tina luhur handapna kamampuh, siswa anu kamampuh maca pamahamanna dina tahap luhur pisan aya 7, siswa anu kamampuhna dina tahap

luhur aya 13 siswa, siswa anu tahap kamampuhna dina tahap sedeng aya 6 siswa, siswa anu kamampuhna aya dina tahap handap aya 4 siswa, jeung siswa anu tahap kamampuhna dina tahap handap pisan aya 10 siswa.

Sedengkeun dina kamampuh nulis karangan eksposisi, aya 5 siswa anu tahap kampuhna dina tahap luhur, 20 siswa dina tahap sedeng, 8 siswa dina tahap handap, jeung 7 siswa kamampuhna aya dina tahap handap pisan.

Tina hasil ngitung korélasí, indéks korélasí antara kamampuh maca pamahaman eksposisi jeung kamampuh nulis karangan eksposisi nya éta 0,831. Saterusna éta angka dibandingkeun jeung harga r dina tabél nilai *product moment* dina taraf signifikansi 5 % atawa taraf kapercayaan 95 % anu nuduhkeun angka 0,312. Dina éta tabél katiténan yén harga r_{hitung} leuwih gedé tibatan $r_{tabéI}$ ($r_h > r_t$). Hal éta ngabuktikeun aya patalina antara kamampuh maca pamahaman eksposisi jeung kamampuh nulis karangan eksposisi, jeung saupama ditilik tina interprétasi nilai ' r ', indéks korélasí 0,831 aya dina taraf luhur.

Dumasar kana hasil ngitung T-tés, aya angka 9,215. Ari dina tabél db-2, dina taraf signifikansi 5% atawa taraf kapercayaan 95% nuduhkeun angka 2,021. Hal éta nuduhkeun yén t_{hitung} leuwih gedé tibatan $t_{tabéI}$ ($t_h > t_t$). Ku sabab kitu, HO ditolak nu hartina, hipotésis ieu panalungtikan ditarima nya éta “Aya patalina anu positif tur signifikan antara kamampuh maca eksposisi jeung kamampuh nulis karangan eksposisi (ngaréproduksi) basa Sunda siswa kelas VII SMPN I Malangbong”.

Uji déterminasi dilakukeun pikeun maluruh pangaruh kamampuh maca pamahaman eksposisi kana kamampuh nulis karangan eksposisi. Tina hasil

ngitung katingali koéfisién déterminasi kamampuh maca pamahaman eksposisi kana kamampuh nulis karangan eksposisi téh gedéna 69,1%. Hal ieu miboga harti yén kamampuh maca pamahaman eksposisi mangaruhan kana kamampuh nulis karangan eksposisi téh 69,1%.

5.2. Saran-saran

Tina hasil ieu panalungtikan, aya sababaraha saran pikeun ngaoptimalkeun kamampuh maca pamahaman jeung kamampuh nulis karangan eksposisi.

Saran pikeun parapangatik :

1. Ditingkatkeun deui atawa dihudangkeun deui rasa minat siswa kana maca jeung nulis basa Sunda.
2. Siswa dibéré pancén anu leuwih pikeun matéri pangajaran maca jeung nulis karangan eksposisi basa Sunda.
3. Parapangatik diusahakeun ngayakeun hiji kgiatan nu ngarojong kana ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman jeung nulis basa Sunda, saperti ngayakeun pasanggiri nulis boh karangan faksi atawa non faksi, jeung sajabana.
4. Fasilitas nu ngarojong kana maca jeung nulis basa Sunda perlu ditambah.

Saran ka parasiswa

1. Siswa kudu miboga rasa kareueus lamun mampuh maca jeung nulis maké basa Sunda anu bener tur merenah.
2. Siswa kudu dibiasakeun resep maca bacaan basa Sunda.

3. Siswa kudu ningkatkeun deui latihan nulis maké aturan anu bener saluyu jeung éjahan nu lumaku hususna dina basa Sunda.
4. Siswa ulah miboga rasa géngsi nulis atawa maca ngagunakeun basa Sunda.

Saran pikeun panalungtik

Perlu pisan ayana panalungtikan anu leuwih jembar ngeunaan maca jeung nulis. Nepi ka bisa méré hal-hal anu anyar pikeun ningkatkeun kamampuh maca jeung nulis.

Mudah-mudahan ku saran-saran anu diasongkeun éta, aya mangpaatna pikeun ngaronjatkeun pangajaran maca jeung nulis hususna, pangajaran séjén umumna. Pang-pangna di SMPN I Malangbong Garut.

